Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 59 (6579) 25 декабрь 2017 с. Итни РабигIул ахир 1439 с. Багьа 5 гъур.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Хъутабазда сахлъи цIуни, ХIарисан нух, бахчичIеб экономика...

**Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас тIобитIана хIалтIул рахъи борхизабиялъул мурадалда данделъи**

**18 декабралда районалъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевасул нухмалъиялда тIобитIана гьабсагIат церечIарал кIвар бугел суалалги гьоркьор лъун, щибаб анкьилаб данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, федералиял ва республикаялъулал ведомствабазул вакилзаби, администрациялъул аппаратальул хIалтIухъаби ва цогидалги.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалъ къабул гьабунин 150 гIарза, нусгоялдаса цIикIкIун тIубазабунин, филиал налоговияб инспекциялъул ва цогидалги идарабигун цадахъ рекьон хIалтIулеб, гIадамазе республикаялъул ва муниципалиял хъулухъал гьари цебетIун бугин.

Гумбет районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас бицана 2018 соналъ медицинаялъул хIалтIухъабазе харжал цIикIкIине ругилан. ТIадчIей гьабуна хъутабазда яшав гьабулев медицинаялъул хъулухъ гьабулаго квалквалал дандчIвалел рукIиналда.



«Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас бицана ХIаримагIардасан бугеб республикаялъул кIвараялъул шагьранух, ХIариб гьалбадерил рукъалъул сверухълъи гIазуялдаса бацIцIад гьабунин, тIасияб зонаялдаги нухдаса гIазу нахъе гьабунин, цIамги салиги щванин, автотранспорт хьвадизе кварилъи гьечIеб хIал бугин.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев ХIусен Мутаевас бицана экономикаялда бугеб хIал. Дагъистаналъул экономикаялъул ва территориалияб цебетIеялъул министерствоялъ тIобитIана республикаялда законалде данде кколареб куцалда хIалтIулел ругел гIадамал тIатинариялъул тадбир. Гумбет районалъ 2017 соналъул 11 моцIалдего 112 проценталъ тIубазабуна гьеб тадбиралда хурхараб хIалтIул план.

Гумбет районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хьарагишиевас кIвар буссинабуна захIматалъул гIадлу цIунизе ва гIадамазе хъулухъ гьабиялъул даража борхизабизе ккеялде.

Данделъиялъул хIасилалги гьарулаго, Рамазан АхIмаднабиевас киналго идарабазул нухмалъулезде хитIаб гьабуна гIадамазе жиндир заманалда ва лъикIаб хъулухъ гьуцIеян.

**«Гумбет» РИО**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Рамазан ГIабдулатIипов: «Каспиялда сверухъ ругел улкабазда 2018 соналда Расул ХIамзатовас 95 сон тIубай кIодо гьабизе буго»

**РагIул устарзабиги гьезул къимат бичIчIулел пачалихъиял хIаракатчагIиги**

**Каспиялъул регионалъул пачалихъазулгун гуманитарияб ва экономикияб цадахъ рекьон хIалтIи гьабиялъул суалазул рахъалъ Россиялъул Федерациялъул президентасул хасав вакил Рамазан ГIабдулатIиповас тIугьдул лъуна Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъе МахIачхъалаялда рагьараб памятникалда цере.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул культураялъул министрасул заместитель Мурад ХIажиев, Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев МухIамад АхIмадов. Рамазан ГIабдулатIиповас абуна памятник лъезе санагIатаб, лъикIаб бакI тIаса бищун бугилан.

Поэзиялъул театралъул къаймимлъиялъул Советалъул председатель хIисабалда, Рамазан ГIабдулатIиповас данделъи тIобитIана, художественнияб советалъул вакилзабиги гIахьаллъун.



Гьеб данделъиялда Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубаялъул юбилеялде хIадурлъиялъе 2018 соналъе планалъул суал гьоркьоб лъуна. Расул ХIамзатовасул фондалъгун шагIирасул ирсилазгун цадахъ хIисабалде босун буго лъималазда ва гIолилазда гьоркьор кучIдул рикIкIунезул къецал, данделуссинал тIоритIизе, батIи-батIияб мацIазда гьесул асарал кьватIире риччазе.

«Цого заманалда Расул ХIамзатовасул творчествоялъул къоял тIоритIизе ккола Ираналда, Казахстаналда, Азербайджаналда ва Каспиялда сверухъ ругел цогидал пачалихъазда. ШагIирас 90 сон тIубаялъул хIурматалда лъикIалан тадбирал гьарун рукIана, гьел гьанжеги тIоритIизе ккола ва гьеб хIалтIи чIезе тезе бегьуларо», – ян абуна Рамазан ГIабдулатIиповас.

**Дагъистаналъул маданияталъул министерство**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Ришватчилъиялда данде рагь
-2 гьум.



Бакълъулазул басмаялъе ва халкъалъе хъулухъалъе кьураб бащдаб гIасру
-2 гьум.



МелъелтIаса Сайпудин МухIамадгIалиев – МВДялъул полковник
-3 гьум.



Игьалиса Халид МуртазагIалиев бергьана Польшаялдаса Гжегош Чивидаса
-3 гьум.

БАЗАР КИН БУКIИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

## Ришватчилъиялда данде рагъ

### МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана гургинаб стол

**Ришватчилъиялде данде къеркьеялъул Халкъазда гьоркьосеб къоялъул хIурматалда МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана мугIалимзабазе ва цIалдохъабазе гургинаб стол.**



Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Гумбет районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хъарагишиев, районалъул прокурорасул заместитель Шамил МухIамадов, районалъул имам Юнус Темирсултанов, хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГIалиев, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул инспектор МухIамад ХIусенов, районалъул администрациялъул аппараталъул гражданскияб оборонаялъул ва гIорхъолъа борчIараб ахIвал-хIалалъул (ГО и ЧС) рахъалъ нухмалъулев ГIабдурахIман Дайтмирзаев, районалъул мажгитазул имамзаби ва цогидали.

Гургинаб стол рагьана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорасул заместитель Рамазан МухIамадовас. Гьес бицана рищватчилъиялде данде къеркьеялъул Халкъазда гьоркьосеб къо чIезабиялъул мурадалъул ва тарихалъул.

Гургинаб столалда гIахьаллъаразги гьаруна кIалъаял, жамгIияб гIумруялъулъ рищватчилъиялъул букIунеб заралалъул, гьелда данде къеркьей гьабизе ккеялъул ва гь. ц. бицана. Къуна суалазе жавабал.

**«Гумбет» РИО**

СОЦИАЛИЯБ ПОЛИТИКА

### Инвалидал хIалтIудалъун хьезариялъул суал гьоркьоб лъуна

**Гумбет районалъул администрациялда гьоркьоб лъуна хIалтIул гIумруялда ругел инвалидал хIалтIудалъун хьезариялъул хIакъалъулъ суал.**

ГIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул централъул нухмалъулев Муслим ГIабдурахIмановас учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулезда бицана социалияб кIвар бугел масъалабазул цояблъун кколебльи инвалидал хIалтIудалъун хьезари ва гьеб рахъалъ 2017 соналъ щиб хIалтIи гьабураб, централде щибаб моцIалъ инвалидал хIалтIуде росиялъул квота тIубаялъул хIалтIи кьолез (работодатели) информация кьезе кколебльи.

Бихьизабизе ккола, 2017 соналъул 17 декабралде Гумбет районалда хIалтIудалъун хьезавун вуго 39 инвалид, 2018 соналъул ахиралде хIалтIулел инвалидазул къадар бахине ккола 90 чиясде. Жеги хIалтIудалъун хьезавизе ккола сакъатав 51 чи.

**«Гумбет» РИО**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIЦУМУР

### Биологиялъул мугIалимзабазул данделъи

**14 декабралда Игьали гьоркьохъеб школалда тIобитIана биология гIелмуялъул мугIалимзабазул данделъи. Данделъиялда гIахьаллъана районалъул тIолалго школазул биологиялъул мугIалимзаби ва РУО-ялъул вакил Загьид ХIусенов. Данделъи бачана биологиялъул мугIалимзабазул районалъул методикияб цолъиялъе нухмалъулев Гьоркь Инхо школалъул биологиялъул мугIалим АхIмад ГIумарасхIабовас.**

Игьали школалъул биологиялъул мугIалим Париэбел Ибрагьимовалъ кьуна биологиялъул рагьараб дарс. ГIемер сонал школалда хIалтIун хIалбихьи щварай Ибрагьимовалъ къураб дарсидаса киналго рази хутIана. Къуна гьелъие къимат, гьеб букIана гьанже школалде рачIарал гIолохъанал мугIалимзабазеги лъикIаб дарслъун. Дарсил хIасил гьабун кIалъаял гьаруна Идайлав Абакаровас (МелъелтIа), Камил АбакархIажиевас (ЧIиркъатIа). Хадуб районалда экологиялъул бугеб хIалалъул, экологиялъул соналда хурхараб доклад гьабуна АхIмад ГIумархIажиевас (Гьоркь Инхо). ОГЭ ва ЕГЭ кьеялде хIадуриялъул ва цебесеб соналъ районалда биологиялъул ОГЭ ва ЕГЭ араб куцалъул хIасилазул бицана РУОялъул методкабинеталъул нухмалъулев Загьид ХIусеновас.

Гьеб данделъи ана гIуцIакъан, пайдаяблъун, цоцазе хIалбихьи бикьулеблъун..

**АхIмад ГIумарасхIабов**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

## Бакълъулазул басмаялъе ва халкъалъе хъулухъалъе къураб бащдаб гIасру

### «Гумбет» басмаялъул жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисовалъул хIаракат

**«Гумбет» газеталъул редакциялда кIодо гьабуна жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисовалъул захIматалъулаб хIаракатчилъиялъ 50 сон тIубай.**

Редколлегиялъул данделъиялда «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас жавабияй секретаралда баркана захIматалъулаб хIаракатчилъиялъ 50 сон тIубай ва гьарана лъикIабщинаб.

«Къурмагъиз ХIадисова жавабчилъи бичIчIулей хIалтIухъан йиго. Бащдаб гIасруялъ газеталъул редакциялда хIалтIулаго, гьелъ кIудияб бутIа лъуна районалъул пресса, СМИ церетIезариялъулъ. Редакциялде мухбирзабаз хъван рачIаралги, байбихьулел авторазулги материалал



магIнаялда, литературияб къагIидаялъ къачIазеги махщел буго ХIадисовалъул. Кумек гьабула цадахъ хIалтIулезе, коллектив пайдаяб, хайираб ишалде ахIизе, гьеб гъункизабизе хIаракат бахъула.

2017 соналъ Дагъистан Республикаялъул аваразул Регионалияб миллиябгун маданияб автономиялъ ХIадисовалъе къуна «Авар мацI ва культура цебетIеялъулъ ва цIуниялъулъ лъураб бутIаялъе гIоло» шапакъат. Гьей ккола журналистикаялъул бутIаялда Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб премиялъул лауреат. Щвана Гумбет районалъул администрациялъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби.

Гьарула Къурмагъиз ХIадисовалъе сахлъи, рохел, цIиял захIматалъулал бергьенлъаби», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

## ЧIиркъатIа ва Игьалир дандчIваял

### Гумбет районалда тIобитIана «Ракълилаб Дагъистан» проект гьоркьоб лъей

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров, АТКялъул специалист Абакар Абакаровгун ва «Гумбеталъул гIолилал» гIуцIиялъул вакилзабигун ана ЧIиркъатIа ва Игьали росабалъе.**

Гьениб гьоркьоб лъуна Дагъистан Республикаялъул гIолилазул ишазул рахъалъ Министерствоялъ хIадурараб,



лъай тIибитIизабиялъул «Ракълилаб Дагъистан» абураб проект.

Гьеб тадбир тIобитIиялъул мурад букIана гIолилазулъ лъикIаб хьвада-чIвади, адабхатир куцай, Дагъистаналъул тарихиябгун маданияб ирсалъул, гьабсагIат ругел церетIеязул бицин, сундул хIинкъи бугебали гIолеб гIелалда бичIчIинаби.

«Школлъималаз ва мугIалимаз гьеб проект лъикIаблъун рикIкIана ва хадурккунги гьединал тадбирал гьаризе бокьилин абуна», - ян бихьизабуна МухIамад Зубайировас.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## ЛъикIаб лъай щварав чи – гIумрудуй щулияб къучI лъурав чи

**Дагъал гьечIо нилъер районалда учителасул хIалтIи гIумрудул борчлъун лъугьарал мугIалимзаби. Гьединаздасан цояв лъун ккола Игьали гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъулгун литератураялъул мугIалим Муртаза Эфендиев. Лъебералда анкьабилеб сон буго гьесул, 1980 соналда Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологиялъул факультетги лъугIизабун, гIагараб росдал гьоркьохъеб школалде мугIалимлъун хIалтIизе вачIаралдаса.**

Муртазада, байбихьудасаго, кIвана цадахъ хIалтIулезулгун, цIалдохъабазулгун, умумузулгун рагIи рекъезабизе, гьезул ракIазулъе нух батизе. Гьев кIвахIтун хIалтIула жиндирго лъай борхизабиялда ва гьеб лъималазе кьеялда тIад. ХIаракат бахъула дарсазда цIиял ва батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизаризе. Муртазал хIалтIуде рокьи букIин, гьев унго-унгояв мугIалим вукIин бихьизабула гьесул цIалдохъабаз олимпиадабазда, конкурсазда росулел бергьенлъабаз.

Коллективалда, росуцоязда гьев лъала гьудулъи



цIунулевлъун, гIодове виччаравлъун, сабуравлъун, кидаго хIалае ватулевлъун, гьимун гурони калам гьабуларевлъун. РакI гIатIидав, ахI-намус бугев, гIисиназулгун, чIахIиязулгун хабар бицине бажарулев гьесул хIурмат гьабула росдал гIадамаз.

Муртазаца нухмалъи гьабулеб буго гIурус мацIалъул мугIалимзабазул районалъул цолъиялъеги. РакIбацIцIадго гьабулеб хIалтIухъ гьев мустахIикълъана 1991 соналда «Учитель – методист», 2005 соналда «Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» абурал цIаразе. 2006 соналда «Президентасул грант» къецазда гIахьаллъана ва гьенив бергьун щвана 100 азарго гъурущ. ГIахьаллъана районалда тIобитIараб «ЛъагIалил – учитель» къецазда ва мустахIикълъана Дагъистаналъул пачалихъияб Советалъул ХIурматалъул грамотаялъе. Щвана гьесие лъайкьеялъул отделалъул, районалъул администрациялъул рахъалдасанги ХIурматалъул грамотаби.

Гьесул хIалтIул халгьабизе бокьани ралагьизе бегьула лъайкьеялда хурхарал сайтазде: «Про школу», «Знанио», «Инфоурок», «Продленка ру», «НС портал» ва гьединго школалъул сайтазде.

Эркенаб заманалда Муртазаца хъвала кучIдул, гьабула таржама, цIалула классика. ГьабсагIат хIалтIулев вуго Инхоса ГIали-хIажиясул асарал гIурус мацIалде руссинариялда тIад.

Киназего баянаб жо буго, лъикIаб лъай щварав чи гIумрудуй щулияб къучI лъурав чи вукIин.

ЛъикIав мугIалим гуревги, Муртаза вуго мисалияв эменги. Гьес тарбия кьун гIезабулеб буго лъабго лъимер.

**ГIайшат Исламбиева**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Бергьана МуртазагIали ХIажимурадов

### Республикаялъулаб конкурсалда – лъабабилеб бакI

**Лъай кьеялъул гIуцIабазе ва инновационниял педагогикаялъулал технологиязе цебетIей щвеялъул, хIалбихьи тIобитIизабиялъул мурадалда МахIачхъалаялда тIобитIана «Бищун лъикIаб инновационнияб лъай кьеялъул проект» республикаялъулаб конкурс.**

Конкурс тIобитIана кIиго этапалда: муниципалияб ва республикаялъулаб. Муниципалияб этапалда бергьараб 50 проект бачIана республикаялъулаб конкурсалде. Гьезда гьоркьоб букIана Игьали гьоркьохъеб школалъул информатикаялъул мугIалим МуртазагIали ХIажимурадовасул инновационнияб проект.

Конкурсалда хIасилал гьарун, цIалулгун тарбия кьеялъул рахъалъ школалъул нухмалъулесул заместитель МуртазагIали ХIажимурадовасе лъабабилеб бакI щвана «БатIи-батIиял предметазе ЕГЭялде ва ГИАялде хIадурлъиялъул бищун лъикIаб къагIида» абураб про-



екталъе. Гьесие кьуна ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул Диплом.

Баркула МуртазагIалида бергьенлъи ва гьарула хадурккунги хIалтIулъ церетIеял.

**«Гумбет» РИО**

БАРКУЛА

## МелъелтIаса Сайпудин МухIамадгIалиев – МВДялъул полковник

**Россиялъул МВДялъул Дагъистаналъул жанисел ишазул Министерствоялъул штабалъул инспекциялъул бетIерав инспектор, Гумбет районалъул МелъелтIа росулъа Сайпудин МухIамадгIалиевасе кьун буго МВДялъул полковникасул тIадегIанаб цIар.**



Гьудул-гьалмагъзабаз ракIракIалъ баркулеб буго Сайпудинида гьеб цIар ва гьарулеб буго хIалтIулъ бергьенлъаби, сахлъи, рохел, талихI, сундулъго икъбал, хадурккунги тIадегIанал цIарал цIикIкIаги.

Кив хIалтIулев вугони, тIадал ишал ракIбацIцIадго тIураялъ, мисалияв, цадахъ хIалтIулезулгун хIал рекъезабулев, кумек гьабулев, захIмалъабазе кьуркьуларев специалист вукIиналъ мустахIикълъана мун гьеб цIаралъе. Биччанте хьулухъалулаб ишгIадин гвангъараб букIине дур гIумруги, мун кидаго сверун ккезе божилъи бугел гьудулзабаз, мугъчIвай гьабизе бегьулел гьалмагъзабаз.

**Гьудул-гьалмагъзаби**

## Машгьурал къоял кIодо гьарула

**Районалъул централияб библиотекаялъул гIадамазе хьулухъ гьабулеб отделалъул нухмалъулей Хамсат Ибрагьимовалъул хIаракаталдалъун, щибаб машгьураб къоялда хурхун тIахьазул выставкаби гIуцIула.**

Дагьаб цебегIан районалъул «Гумбет» басмаялъ 65 сон тIубаялъул хIурматалда гIуцIун букIана «Гумбет» газетал, районалъул шагIирзабазул, жиде-жидер росабазул тарих хъварал авторазул тIахьал лъураб выставка. Гьал къоязда гIуцIана Дагъистаналъул халкъияй хъвадарухъан Фазу ГIалиева гьаюралдаса 85 сон тIубаялъул юбилеялъул хIурматалда, гьелъул тIахьазул выставка.

**Къурмагьиз ХIадисова**

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЗЕ ККОЛЕЛ

# Рищиял тIоритIулеб къагIидаялъул бицана

### МелъелтIа гьоркьохъеб школалда рагьараб дарс

**7 декабралда МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 9-11 классазул цIалдохъабазе, Гумбет районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул председатель ГIабдулмажид Амагаевас тIобитIана рищиял тIоритIулел къагIидабазда хурхун рагьараб дарс.**

Гьес гIолеб гIелалъе – рукIинесел избирателазе бицана рищиял тIоритIи кида баккараб, гьел тIоритIулел къагIидаби, нилъер пачалихъалда кина-кинал рищиял тIоритIулел рукIаралали. Лъай-хъвай гьабуна избирателазул сияхIал рахъулеб къагIидаялъул, бюллетенал цIезарулеб куцалъул. Бицана гьаракь кьолеб къагIидаялъул ва гьелъул хIасилал кин чIезарулелали.

Гьебго къоялъ цIалдохъабазулгун гьаруна тестовиял хIалтIаби. Рищиял тIоритIиялда хурхун цIалдохъабаз кьурал суалазе жавабал кьуна ГIабдулмажид Амагаевас.

Рищиял тIоритIулеб къагIида школлъимализда бичIчIинаби мурадалда тIоритIана «рищиял». Школалде росун рукIана бальгояб гьаракь кьолеб кабина ва урнаби. Лъималазе гьеб тадбир цIакь бокьана.

Тадбиралда гIахьаллъана школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель Рамазан МухIамадов ва мугIалимзаби.

**ГIайшат Исламбиева**

КЬУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Игьалиса Халид МуртазагIалиев бергьана Польшаялдаса Гжегош Чивидаса

### ТIоцебесеб раундалдаго – нокаут

**Москваялда «Россия» ГЦКЗ-алъул аренаялда тIобитIана халкъазда гьоркьосеб Fight Nights Global 82 турнир. Москваялъул «Щулалъи» клубалъул вакил, Бакълъулазул районалъул Игьалиса Халид МуртазагIалиевас 83,9 кг цIайиялда тIоцебесеб раундалдаго бергьенлъи босана Польшаялдаса хIалбихьи бугев спортсмен Гжегош Чивида тIад.**



Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас баркана квержубараб рагъул спортсмен Халид МуртазагIалиевасда гьеб бергьенлъи.

«Халид МуртазагIалиевасулъ руго спортсменасул киналго лъикIал рахъал, гьев вуго физическияб рахъалъ лъадари щварав, кьо хIехьолев гIолилав, гьесул хIасил кколел церерахъинал рукIуна. Гьев жеги гIолохъанчи вуго. Махщелги, къуватги, бажариги бихьизабуна гьес Польшаялдаса спортсменгун дандчIваялдаги ва бергьенлъи босана.

Гумбет районалъул нухмалъулезул, киналго бакълъулазул, Дагъистаналъул спорталъул агьлуялъул ва дирго рахъалдасан ракIракIалъ баркула Халид МуртазагIалиевасда иргадулаб бергьенлъи, гьарула спорталъулъ жеги тIадегIанал хIасилал ва кинабго лъикIабщинаб», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Fight Nights Global 82 турниралда бакIаб цIайиялъул ММАялда Россиялъул спортсмен Виталий Минаковги бергьана американав Тони Джонсонидаса. Турниралъул рачелал анкьабго цIайиялда щвана Россиялъул спортсменазе.

**ГIабдулхIамид ГIабдулкъадиров**

КЬУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

## Боксалъул рахъалъ ТIолгороссиялъул турниралда бергьана МелъелтIаса ГIиса Бегаев

**Симферополь шагьаралъул тIаса рищарал командаби хIадурулеб централда («Локомотив» стадион) 23-28 ноябралда тIобитIана ТIолгороссиялъул XXXVIII абилеб боксалъул рахъалъ «А» классалъул турнир.**



75 килограммалде щвезегIан цIайиялда гьениб бергьенлъи босана Гумбет районалъул МелъелтIа росулъа ГIиса Бегаевас. Гьев ккола олимпиялъул чемпион ХIайдарбег ХIайдарбеговасул цIаралда бугеб боксалъул школалъул (МахIачхъала) воспитанник, тренерал – МухIамад ГIабдулхIалимов ва МухIамад МухIамадов.

Гьеб бергьенлъи щвеялъ ГIисае рес кьуна спорталъул мастерасул норматив тIубазабизе. Районцоз Бегаевасе хадурккунги бергьенлъаби гьарулел руго, вахаги олимпиялъул борхалъуде.

**«Гумбет» РИО**

КЬУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Гъоркь Инхоса АхIмаднаби МухIамадовасе Москваялда кубок щвана

**UWW «MOSCOW OPEN CUP CHAMPION» грепплингалъул рахъалъ Москваялъул кубокалъе гIоло кьецазда 62 килограммалде щвезегIан цIайиялда бергьенлъи босана рагъулаб самбоялъул рахъалъ спорталъул мастер, Гумбет районалъул Гъоркь Инхо росулъа АхIмаднаби МухIамадовас.**



«АхIмаднаби МухIамадов ккола грепплингалъул ва BJJ-алъул рахъалъ Москваялъул ва Москва областалъул лъабцIулго чемпион, рагъулаб самбоялъул рахъалъ спорталъул мастер, Москваялда бразилиялъулаб къагIидаялъул джиу-джитсуялъул рахъалъ рагьараб турниралъул чемпион, эркенаб гугариялъул ТIолгороссиялъул турниралъул призер, грепплингалъул халкъазда гьоркьосел турниразул чемпион, UWW «MOSCOW OPEN CUP CHAMPION» рачел щварав, грепплингалъул рахъалъ ТIолгороссиялъул турниралъул чемпион, BJJ 2016-2017 Абу-Даби, дунялалъул чемпион, хьахIилаб рачел щварав спортсмен. Баркула АхIмаднабида иргадулаб бергьенлъи, гьарула цIиял спортивиял церетIеял, талихIаб гIумру», - ян абуна Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркиялъулаб кIалъаялда.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Оформление ветеринарных документов - в электронной форме

### Для сведения производителей сельскохозяйственной продукции

**В соответствии с п. 2 статьи 4 Закона Российской Федерации от 13 июля 2015 года № 243-ФЗ «О внесении изменений в закон Российской Федерации «О ветеринарии» с 1 января 2018 года оформление ветеринарных сопроводительных документов будет производиться исключительно в электронной форме, при помощи Федеральной государственной информационной системы в области ветеринарии (ФГИС).**

Оформление электронных ветсертификатов будет осуществляться бесплатно.

Собственник продукции не обязан предъявлять контролирующим органам ветсертификат, а может предъявить номер сертификата или матричный код, а контролеры обязаны отследить по ФГИС «Меркурий» этот ветсертификат.

Без оформления доступа к ФГИС «Меркурий» оборот любой пищевой продукции животного происхождения будет невозможна.

Получить доступ к системе может любой хозяйствующий субъект после регистрации в ИС «Цербер» (доступна для самостоятельной регистрации), подав электронную заявку, образец которой размещен на официальном сайте Управления Россельхознадзора по РД http;//www.rsnrd.ru

По возникшим вопросам можно обратиться в Гумбетовское ветеринарное управление тел.6(272)26238; 89288381861.

Просим производителей животноводческой продукции учест названные требования при реализации продукции

**Администрация МР «Гумбетовский район»**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

# Профилактическая операция «Автобус»

**С 15.12.2017 года по 30.12.2017 года на территории района проводится третий этап профилактической операции «Автобус». Данное мероприятие будет проводиться сотрудниками ОГИБДД по Республике Дагестан.**

Целью операции является обеспечение безопасности дорожного движения при пассажирских перевозках, контроль за соблюдением водителем маршрутки правил дорожного движения и лицензионного соглашения. В рамках проводимых мероприятий сотрудники ГИБДД будут проверять у водителей пассажирских транспортных средств наличие лицензии, справки о медосмотре, разрешение на перевозку пассажиров, техническое состояние автомобиля и карту маршрута, прохождение предрейсового медицинского и технического осмотров, наличие необходимых отметок в путевых листах, также выявление транспортных средств, в конструкцию которых внесены несанкционированные изменения.

**Расул Ахкубегов, начальник ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району, капитан полиции**

ЗИГАРА

# МухIамадов ГIалиасхIаб ГIалиевич

**2017 соналъул 17 декабралда Аллагьасул къадаралде щвана гIолеб гIелалъе лъай, тарбия кьеялда 53 соналъ хIалтIарав ГIалиасхIаб МухIамадов.**



ГIалиасхIаб гьавуна 1939 соналъ Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ. 1959 соналъ гIагараб росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадув, цIализе лъугьана Армавиралъул пединституталде физикаялъулгун математикаялъул факультеталде. 1964 соналъ гьеб институт лъугIун хадув Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствоялъ Гумбеталда хIалтIизе витIана.

1964 – 1967 соназ хIалтIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалда хIисаб гIелмуялъул мугIалимлъун. Хадув витIана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалде. 1968 соналъ тIамуна Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалда цебе бугеб методкабинеталъул методистлъун.

1971 соналда цIидасан хIисаб гIелмуялъул мугIалимлъун МелъелтIа гьоркьохъеб школалде вачIана. МелъелтIа росулъ кIиабилебги школа рагьидал, аслияб школалъул нухмалъулевлъун тана. Гьеб хIалтIудаса жиндиего бокьун 1982 соналъ нахъеги ун, цIидасан хIисаб гIелмуялъул мугIалимлъун хIалтIулев вукIана гIумруялъул ахирисел къоязде щвезегIан.

МелъелтIа аслияб школалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго нижер лъикIав гьалмагъ, ритIухъав мугIалим ГIалиасхIаб Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул хъизан-лъималазда ва гIагарлъиялда.

Аллагьас алжан насиблъаги хварасе.

**МелъелтIа аслияб школалъул коллектив**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Информирует прокуратура

В декабре месяце текущего года прокуратура района изучила на предмет соответствия требованиям федерального законодательства о противодействии терроризму и экстремизму локальные нормативные акты школ, регламентирующих порядок работы школьных библиотек.

Правой анализ локальных нормативных актов показал, что в отдельных Положениях о библиотеке не содержится прямого запрета на распространение экстремистской литературы, не установлен порядок проведения сверок библиотечного фонда и поступающей литературы с федеральными списками экстремистских материалов.

Это противоречит требованиям ст. ст. 3, 13 Федерального закона «О противодействии экстремистской деятельности». Согласно положениям закона противодействие экстремистской деятельности осуществляется путем принятия профилактических мер, направленных на предупреждение экстремистской деятельности, в том числе на выявление и последующее устранение причин и условий, способствующих осуществлению экстремистской деятельности. Распространение экстремистских материалов, а также их производство или хранение в целях распространения на территории РФ запрещается.

По результатам проведенных проверок прокурором района опротестовано 4 Положения о школьных библиотеках, не соответствующих требованиям законодательства.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# Биларалги батаралги

**Дир билун буго кIиго сон бараб , борияб, кIиябго гIин тIогьиса къотIи, кIиялдаго нахъа гIарти гIуж бугеб баси. Гьарула бихьарас лъазабеян.**

**Бика ГIимранова, ЛъаратIа росу**

**Районалъул больницаялда аскIоб батун буго меседил баргъич. Гьеб бортаралъ ахIе телефоналъул гьаб номералде: 89285364140**

**МелъелтIаса СайгидтIагьа ШайихмухIамадовасул боцIулъ буго кIийилаб, бецIбагIараб, тайпадулаб гIачIар, кваранаб гIин кIудияб бакIалдаса тIогьиса къотIараб гIужги бугеб.**

**Билун буго лъабилаб, борияб, нодоялда хъахIаб тIанкI бугеб, квегIаб гIин нахъаса суй гIужалъул баси. Гьарула бихьарас гьаб номералдасан диде ахIеян: 89286800516.**

**Билун буго багIаргьинаб кьералъул гIачIар. ГIуж: кIиябго гIин тIогьиса къотIун, кваранаб нахъаса сураб. Гьарула бихьарав чияс дида лъазабеян. Телефон: 89286707426.**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

### Прокуратура разъясняет: «Уклонистов» от военной службы по призыву уволят с госслужбы

**С 6 августа 2017 года вступил в силу Федеральный закон № 192-ФЗ от 26.07.2017, который запрещает мужчинам, уклонившимся от службы в армии в течение 10 лет работать в должностях государственной и муниципальной службы.**

Военные комиссариаты обязаны будут уведомлять руководителей организаций о том, что у них работает человек, уклонившийся от службы в армии. После получения данного уведомления у организации будет всего 10 дней на увольнение этого человека и оповещение об этом военного комиссариата.

Гражданину, не служившему в армии, закон предоставляет право присутствовать на заседании призывной комиссии, которая признает его уклонистом, а также предоставлять на рассмотрение комиссии документы для доказательства законности отказа от службы.

Запрет принимать уклонистов на должности государственной службы утвердили еще в 2014 году, и он носил бессрочный характер, однако позднее Конституционный Суд России потребовал дополнить закон конкретным сроком запрета.

Таким образом, с учетом изменений законодательства, вступающих в силу 6 августа 2017 года, только по истечении 10 лет гражданин сможет претендовать на замещение должностей государственной или муниципальной службы.

Покинуть пост государственного или муниципального служащего придется только тем гражданам, кто занимает должность с 2014 года. На лиц, замещающих данные должности больше трех лет, изменения не распространяются.

**Шамил Магомедов, заместитель прокурора Гумбетовского района, юрист 1 класса**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.